

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa salah sahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna. Basa salaku hiji alat komunikasi pikeun ngedalkeun eusi haté manusa atawa masarakat dina ngawangun hiji komunikasi, boh komunikasi sacara lisan atawa tulisan. Dina enas-enasna, alat komunikasi (basa) dipaké ku masarakat anu nyicingan hiji wewengkon Priangan atawa Tatar Sunda pikeun komunikasi atawa jadi hiji simbol nu dipaké sabudeureun anggota masarakatna, basa nu dipakéna nyaéta basa Sunda.

Kiwari basa Sunda geus kaasup kana salah sahiji katégori tina mangrébu-rébu basa indung nu aya di alam dunya nu pamaké basana mungkin nyirorot. Ku kituna, basa Sunda geus sakuduna dimumulé tur dipaké di wewengkon masarakat basana, hususna di daérah tanah Sunda. Tanah Sunda salaku tempat pikeun mekarkeun basa Sunda nu jadi basa Indungna, mangrupa hiji hal anu geus sakuduna dilaksanakeun ku aparaturnu pamaréntah dina hal ngajaga tur makéna éta basa, sangkan basa Sunda bisa hirup hurip di sakurilingeun arus *westerenisasi* nu kiwari geus lain béja deui. Salah sahiji cara pikeun basa Sunda tetep nanjeur nyaéta sistem “regenerasi basa”. Hartina pamaké basa Sunda kudu dituluykeun ka para generasi anyar sangkan panyatur basa Sunda teu beuki nyirorot baé. Salah sahiji carana nyaéta diajarkeunna basa Sunda di lingkungan sakola.

Sakumaha nu tas dipedar di luhur, basa nu miboga dua cara pikeun ngebréhkeunana nyaéta lisan jeung tulisan. Cara lisan saperti paguneman sapopoé, ari wangun komunikasi tulisan nyaéta ku cara nulis. Nulis mangrupa hiji kaparigelan basa nu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung, hartina teu langsung nyaéta henteu paadu jonghok antara panutur jeung nu diajak nyarita. Nulis mangrupa hiji kagiatan nu produktif jeung ekspresif, kagiatan nepikeun pesen atawa amanat nu diébréhkeun ku panulis, boh tina pikiran, rasa jeung kahayang sacara tinulis atawa ngaliwatan lambang-lambang grafis. Dina kagiatan nulis, si panulis kudu miboga kaparigelan dina ngadumaniskeun antara struktur

basa jeung kandaga kecap sangkan éta tulisan bisa dibaca ku nu maca kalayan ngéntép seureuh “tepat sasaran” dina nepikeun pesen atawa amanat nu aya dina jero tulisanna (Fitria, 2011, kc.21)

Komunikasi nu diajarkeun di sakola nyaéta nulis ringkesan warta. Warta nyaéta informasi anyar (*aktual*) ngeunaan hiji hal nu keur dirandapan, bisa dijanggelékkeun dina wangun tulisan (*cetak*), siaran, internet, atawa tatalépa. Tujuanna pikeun méré informasi anu écés ngeunaan kamekaran élmu pangaweruh, budaya, teknologi, jeung kaayaan nu keur dirandapan jrrd, sangkan nu maca bisa nuturkeun sarta teu tinggaleun informasi.

Nurutkeun hasil observasi panalungtik nu dilaksanakeun di SMP Negeri 5 Bandung (6 November 2014) taun ajaran 2014/2015, némbongkeun hasil yén para siswa miboga bangbaluh dina nulis, hususna dina nulis ringkesan warta. Loba siswa nu ngarasa teu mampuh lantaran teu ngawasa kandaga kecap basa Sunda nu diébréhkeun dina warta wangun lisan atawa tulisan, nu antukna siswa hésé nyangkem nepi ngalarapkeun dina wangun kalimah. Mémang dina nulis ringkesan warta teu bisa sagawayah nulis kitu waé, diksi jeung eusi téks kudu merenah sangkan nu maca bisa nyangking informasi kalayan gembleng, luyu, écés, tur teu salah harti, sanajan éta tulisan hasil ringkesan.

Pangajaran nulis ringkesan warta geus diatur ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Nu écés dipertélakeun dina Kurikulum 2013 nu dituliskeun sacara eksplisit dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) tur Silabus pangajaran basa jeung sastra Sunda tingkat SMP, nulis ringkesan warta jadi salah sahiji kompetensi dasar nu kudu diajarkeun di tingkat SMP kelas VIII. Dina Kompetensi Dasar (KI-4) jeung Silabus diunikeun dina poin 8.4.2 yén siswa kudu mampuh “*menanggapi, meringkas dan menyajikan téks warta sesuai dengan kaidah- kaidahnya*” (Pergub Jabar no. 69, 2013, kc. 25) nu salah sahiji indikator/matéri pokokna nyaéta “*menulis warta untuk majalah dan televisi*”. Ku kituna, sangkan éta Kompetensi dasar nu aya dina Silabus téh bisa kahontal sacara maksimal, materi ajar nu ditepikeun kudu ngagunakeun modél pangajaran anu variatif. Sabab kurangna métode pangajaran anu dipimilik ku guru bisa manganruhan kana hasil diajar siswa.

Milih modél pangajaran kudu disaluyukeun jeung materi anu rék ditepikeun. Salah sahiji modél pangajaran nu dianggap luyu jeung pangajaran nu kasebut nyaéta modél pangajaran *Group Investigation*. Hakékatna *Group Investigation* téh mangrupa stratégi dina pangajaran pikeun mantuan guru dina matalikeun antara materi nu baris diajarkeun jeung kaayaan siswa sangkan materi anu ditepikeun bisa dicangking sacara maksimal. Modél *Group Investigation* miboga kaistimewaan sangkan siswa bisa nyangkem materi anu ditepikeun kalayan maksimal sarta sangkan siswa bisa leuwih aktif dina prosés diajar hususna dina ngungkulan masalah pangajaran nu geus ditugaskeun ku guruna.

Dumasar kana kasang tukang anu diébréhkeun di luhur, perlu ayana nu nuluykeun tur ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan panerapan modél *Group Investigation* dina Pangajaran basa jeung sastra Sunda. Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation* téh geus pernah ditalungtik saacanna, di antarana aya “Modél Pangajaran Investigasi Kelompok pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngalarapkeun Ejaman Dina Nulis Pedaran” (Hidayat,R. 2011), Modél Pangajaran Investigasi Kelompok pikeun Ngaronjatkeun Nulis Surat Resmi (Fitria, AN. 2011). Ku kituna, ieu panalungtikan dituluykeun dina pangajaran nulis ringkesan warta, kalayan judul ”Modél Pangajaran *Group Investigation* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Ringkesan Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2014/2015)”.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun mutu pangajaran di kelas dina widang pangajaran basa Sunda, hususna pikeun mikanyaho naha aya béda anu signifikan atawa henteu nalika maké modél pangajaran *Group Investigation* dina nulis ringkesan warta.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, masalah nu jadi titik pamiangan ieu panalungtikan diidéntifikasi jeung dirumuskeun ieu di handap.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Kamampuh siswa kurang maksimal dina nyangkem eusi warta nu dipidangkeun guru dina wangun wacana teks. Ku kituna, butuh hiji modél nu bisa ngagampangkeun siswa dina nyangkem eusi warta. Siswa nyanghareupan bangbaluh dina ngagunakeun kecap-kecap sangkan ngéntép seureuh nepi ka bisa ngawawarkeun maksud warta nu diringkes kalayan gembleng, tur ngéntép seureuh. Suasana diajar anu teu variatif, ngabalukarkeun siswa kurang sumanget dina nyanghareupan pangajaran, hususna dina ngébréhkeun gagasan atawa nyusun kalimah-kalimah nu dipidangkeun dina wangun tinulis. Ringkesan warta nu ditulis kudu bisa saluyu eusina jeung warta nu asli tina sumberna.

Dina ieu panalungtikan, warta nu dipaké pikeun sumber tés diwatesanan, nyaéta warta nu ditepikeun ngaliwatan media cetak nu aya dina majalah manglé. Jenis wartana kaasup kana *Opinion News*.

1.2.1 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung dina nulis ringkesan warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung dina nulis ringkesan warta sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung dina nulis ringkesan warta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan-tujuan anu kudu dihontal, tujuan-tujuan éta téh nya éta:

1.3.1 Tujuan Umum

Tangtu sagala kagiatan miboga tujuanna séwang-séwangan, kitu deui dina ieu panalungtikan. Luyu jeung masalah-masalah nu geus dirumuskeun, tujuan umum

ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nguji kaéféktifan modél pangajaran *Group Investigation* dina nulis warta.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho, nganalisis, tur ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung dina nulis ringkesan warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.
- 2) kamampuh siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung dina nulis ringkesan warta sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.
- 3) aya atawa henteu bédana kamampuh siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung dina nulis ringkesan warta antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan nya éta:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan, pikeun ngaronjatkeun élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran basa jeung sastra Sunda, katut bisa dijadikeun salah sahiji référénsi pikeun kaperluan-kaperluan anu aya pakuat pakaitna jeung modél-modél pangajaran hususna mikanyaho salah sahiji modél pangajaran pikeun nulis warta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun panalungtik, siswa, jeung guru.

- 1) Mangpaat pikeun panalungtik, sangkan meunangkeun pangalaman nu leuwih teleb ngeunaan modél pangajaran jeung matéri nulis ringkesan warta, sarta sangkan mikanyaho kamampuh siswa dina nulis ringkesan warta.
- 2) Mangpaat pikeun siswa, sangkan siswa leuwih parigel dina nulis, hususna dina nulis warta.
- 3) Mangpaat pikeun guru, sangkan nambahan pangalaman ngeunaan modél pangajaran anu bisa dilarapkeun dina prosés diajar-ngajar, hususna dina

pangajaran nulis ringkesan warta, sarta sangkan nambahan élmu pangaweruh ngeunaan nulis hususna dina nulis ringkesan warta.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun ku lima bab. Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina medar ngeunaan ulikan tiori anu dimimitian ku hakékat modél pangajaran, modél pangajaran kooperatif, unsur-unsur modél pangajaran kooperatif, tipe-tipe modél pangajaran kooperatif, wangenan modél *Group Investigation*, léngkah-léngkah *Group Investigation*, kaonjohan jeung kahéngkérangan modél *Group Investigation*, wangenan nulis, fungsi jeung tujuan nulis, manfaat nulis, rupa-rupa tulisan, aspék-aspék nulis, bahan ajar, padika milih, bahan ajar, prinsip-prinsip, bahan ajar basa Sunda, ambahan bahan ajar basa Sunda dina pangajaran warta, wangenan warta, jeung jenis-jenis warta.

Dina Bab III dipedar ngeunaan métodologi panalungtikan. Eusina ngawengku sumber data, desain panalungtikan, metodeu panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan jeung téknik panalungtikan.

Bab IV eusina ngadéskripsikeun ngeunaan hasil panalungtikan anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh awal jeung ahir siswa tina hasil panalungtikan, sarta ngadéskripsikeun bédana hasil antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* dina nulis ringkesan warta siswa SMP.

Bab V eusina medar ngeunaan kacindekan jeung rékomendasi kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

